



## RANGKUMAN BAHASA SUNDA KELAS 3

### Pangajaran 1 : Mikanyaah Sasatoan jeung Tatangkalan

#### ❖ Ngalentongkeun kalimah

**Lentong** nyaéta luhur handapna nada lamun urang keur nyarita (intonasi).

(Lentong yaitu tinggi rendahnya suatu nada pada saat kita berbicara)

**Ngalentongkeun kalimah** nyaéta ngucapkeun kalimah maké lentong (nada/intonasi) anu bener.


**Contoh kalimahna nyaéta :**



1. Euleuh, itu uncal tandukna mani ranggaék, nya!
2. Wah, piraku aya ucing sieun ku beurit!
3. Ih, dina dongéng mah gajah téh éléh ku sireum.



4. Héy, kadieu! ieu aya monyét maké payung!
5. Duh, itu kelenci buluna mani lalucu, nya!
6. Éy, éta dina rambut Dami aya hileud!



7. Lah, ulah hayang tumpak gajah, inggis ragrag.
8. Iy, itu oray matana sagedé kaléci!
9. Uluh, itu jarapah beuheungna mani panjang, nya!






10. Eh, ari dinosaurus kumaha disadana, nya?
11. Leuh, deudeuh teuing itu ucing paéh kagéleng mobil.
12. Horé, abdi dipasihan japati sajodo ku Mang Dadi!
13. Ih, duka nu saha éta kelenci téh?

#### ❖ Ngapalkeun Harti Kecap

- **Ranggaék** = bentuk tanduk yang bercabang – cabang.
- **Piraku** = masa, mana boleh, tak mungkin
- **Eléh** = kalah
- **Sireum** = semut
- **Beurit** = tikus
- **Inggis** = khawatir
- **Ragrag** = murag (jatuh)
- **Beuheung** = leher
- **Disadana** = bunyinya, suaranya
- **Deudeuh** = menyayangkan
- **Kageleng** = terlindas
- **Dipasihan** = dibéré (dikasih)
- **Sajodo** = sejodoh

#### ❖ Sora Sasatoan



	kuda = ngahiem		meri = ngawékwék
	manuk = récét		ucing = éong - éongan
	maung = ngagaur		reungit = ngahieng

#### ❖ Ngalarapkeun Rarangkén Hareup -di

- Rarangkén hareup gunana pikeun ngawangun kecap pagawéan
- Nulisna kudu dihijiikeun jeung kecap anu dituturkeunana
- Conto :
  - **bawa + di** = Mida **dibawa** piknik ku Mang Dadi.
  - **ajar + di** = Dami keur **diajar** ngagambar uncal.
  - **bere + di** = Mida **dibéré** surabi ku Bi Encum.

- **jual + di** = Domba Mang Dadi anu jalu geus **dijual**.
- **dahar + di** = Sampeu téh **didahar** ku uncal.

### Latihan harian

1. Dina materi PJJ bahasa Sunda anu ka 1 aya anu disebut ngalentongkeun kalimah. Jelaskeun naon anu dimaksud **lentong** téh!
2. Mida keur nyontoan ngalentongkeun kalimah. Jelaskeun harti **ngalentongkeun kalimah** téh!
3. “Eleuh, itu uncal tandukna mani **ranggaék** nya!”. Sebutkeun harti kecap **Ranggaék!**
4. “Lah ulah hayang tumpak gajah! **Inggis** ragrag”. Sebutkeun harti kecap tina **inggis!**
5. “Abdi dipasihan japati **sajodo** ku Mang Dadi”. Sebutkeun harti kecap **sajodo!**

## Pangajaran 2 : Pangalaman anu matak nineung

### ❖ Ngaregepkeun Pedaran Ngeunaan Carita Pangalaman

- Pangalaman téh nyaéta kajadian anu karandapan ku sorangan.
- Jadi upama urang nyaritakeun pangalaman téh sarua jeung nyaritakeun kajadian anu kaalaman atawa karandapan ku sorangan.
- Unggal jalma miboga pangalaman séwang – séwangan.
- Éta pangalaman téh aya anu pikabungaheun, pikasediheun, pikasieuneun, jsb.

**Conto pangalaman :**

#### 1. Pangalaman anu Pikabungaheun

Pangalaman anu pikabungaheun kanggo abdi nyaéta waktos abdi naék ka kelas tilu. Waktos badé dibagi raport téh abdi degdegan sieun teu naék. Mangkaning anu nampina ogé Ibu abdi. Abdi bingah pisan waktos diwartosan ku Ibu, yén abdi naék ka kelas tilu.

#### 2. Pangalaman anu Pikasediheun

Pangalaman anu pikasediheun kanggo abdi nyaéta waktos pun nini maot. Abdi sedih pisan waktos nini maot téh. Nini téh nyaacheun pisan ka abdi. Upami aya ka rorompok, anu pangpayuna ditaroskeun téh abdi.

#### 3. Pangalaman anu pikasieuneun

Pangalaman anu pikasieuneun kanggo abdi nyaéta waktos ngiringan jurit malam. Abdi sareng réréncangan saregu kedah

ngalangkung ka kuburan. Jaba poék deuih, teu aya lampu.  
Abdi mani sieun pisan.

#### 4. Pangalaman anu Pikaseurieun

Pangalaman anu pikaseurieun nyaéta waktos abi nganggo sapatu sisirangan. Ku margi rusuh sieun kasiangan sakola, abdi henteu taliti nganggo sapatu. Ari dongkap ka sakola, abdi diseungseurikeun ku réréncangan ku margi nganggo sapatu sisirangan. Abdi ogé nya ngiring seuri wé da rumaos heunteu tarapti.

##### ❖ Ngapalkeun Harti Kecap

- **Karandapan** = mengalami, dialami
- **Séwang – séwangan** = masing –masing
- **Pikabungaheun** = hal yang menyenangkan
- **Pikasediheun** = hal yang menyedihkan
- **Pikaseurieun** = hal yang membuat tertawa
- **Pikasieuneun** = hal yang menakutkan
- **Bingah** = senang
- **Diwartosan** = diberi tahu
- **Maot** = meninggal
- **Rorompok** = rumah
- **Pangpayuna** = paling depan
- **Ditaroskeun** = ditanyakan
- **Ngiringan** = ikutan
- **Ngalangkung** = melewati (ngaliwat)
- **Sieun** = takut
- **Sisirangan** = memakai sendal/sepatu tidak dengan pasangannya
- **Rusuh** = buru - buru
- **Dongkap** = datang

- **Diseungseurikeun** = ditertawakan
- **Rumaos** = rumasa (merasa)
- **Tarapti** = teliti

❖ **Ngalarapkeun rarangkén hareup ka-**

- Rarangkén hareup ka- nulisna dihijkeun jeung kecap anu nuturkeunana.
- Gunana pikeun ngawangun kecap pagawéan anu ngandung harti “teu dihaja”
- **Contoh :**

1. Bawa + ka- = **kabawa**

Buku Mida **kabawa** ku Dami.

2. Tincak + ka- = **katincak**

Suku Ujang **katincak** ku Yayan.

3. Tabrak + ka-= **katabrak**

Pager runtuh **katabrak** ku mobil.

4. Géléng + ka-= **kagéleng**

Hayam paéh **kagéleng** motor.

5. Tajong + ka- = **katajong**

Gelas peupeus **katajong** ku Bi Anah.

### ❖ Ngalarapkeun Kecap Pangantét ka-

- Kecap pangantét ka gunana pikeun nuduhkeun tempat atawa jelema anu dituju.
- Nulisna dipisahkeun jeung kecap anu dituturkeun.

#### - Conto :

1. ka + mana = **ka mana**

Badé angkat **ka mana**, Bu?

2. ka + dieu = **ka dieu**

Teu kénging ameng **ka dieu** aya nu ujian!

3. ka + sakola = **ka sakola**

Tabuh tujuh Dami tos dugi **ka sakola**

4. ka + Banjaran = **ka Banjaran**

Entin unggal dinten sok ngalangkung **ka Banjaran**

5. ka + lembur = **ka lembur**

Upami libur Mida badé **ka lembur** apana

### Pangajaran 3 : usum - usuman

#### ❖ maca dina jero haté

##### Usum Ngijih

Ayeuna téh bulan Januari. Ampir unggal poé hujan ngecrek ti isuk isuk nepi ka peuting. Disebutna usum usum hujan atawa usum ngijih. Biasana usum *ngijih* téh dimimitian ti bulan Séptember. Anu matak aya anu nyebutkeun, mun geus asup bulan berberan, geus pasti wé loba hujan. Eureun - euren engké bulan Maret. Anu matak sok disebutkeun, bulan Maret mah ret wé hujan téh eureun. Ditéma ku usum *halodo*.

Ayeuna mah henteu kitu. Aya kalana bulan Maret ogé masih kénéh ngayer hujan. Cuaca téh geus hésé diteguhna. Éta téh lantaran aya parobahan *iklim* anu dilantarankeun ku beuki panas, lantaran pangeusina beuki gegek.

Usum hujan dianggap mawa berekah pikeun patani. Utamana mah anu marelak paré di sawah. Sawahna moal kakurangan cai. Hasil panénna ogé *mucekil*. Tapi sakapeung usum hujan ogé sok jadi *musibat*. Loba wewengkon anu kacaahan. Lamun geus kitu, sawah teu kaala hasilna, balong loba anu bedah, malah imah ogé loba anu kakeueum ku cai.

#### ❖ Harti Kecap

- **Ngecrek** = taya ereunna (hujan)
- **Ngijih** = usum hujan
- **Halodo** = usum eweuh hujan
- **Iklim** = kaayaan hawa jeung cuaca
- **Gegek** = padet, loba pangeusina
- **Berekah** = mangpaat keur saréréa
- **Mucekil** = loba, matak nyugemakeun (hasil usaha)
- **Musibat** = kacilakaan, papait
- **Bedah** = jebol, dobol
- **Cileuncang** = cai hujan anu nyangkrung dina taneuh, jalan, dsb.

#### ❖ Mikawanoh istilah anu aya Patalina jeung Usum – usuman

- **Tiis** = hawa anu karasana tiis.
- **Hujan** = cai nu ragrag ti langit.
- **Panas** = hawa anu suhuna luhur, sabalikna tiis.
- **Hareudang** = ngarasa panas kulantaran hawa anu suhuna luhur atawa sorot panon poé.
- **Ngelekeb** = panas lantaran rék hujan eweh angin atawa di jero rohangen nu kurang liang hawana, asa dikekeb.
- **Ceudeum** = angkeb, langit poek lantaran rék hujan.
- **Cangra** = langit béngras, taya pihujaneun.
- **Girimis** = hujan leutik, miripis, ngeprul.
- **Gelap** = gélédég, sora hawa anu dibeulah ku kilat.
- **Guludug** = guruh, aweuhan sora gélédég.

#### ❖ Ngalarapkeun kecap pangantét **di**

- Kecap pangantét **di** téh pikeun nuduhkeun tempat ayana
- Cara nuliskeunana dipisahkeun jeung kecap anu dituturkeunana
- Conto :
  - Di + imah= **di imah**  
Opi keur diajar kelompok **di imah** Mida.
  - Di + ditu = **di ditu**  
Di Ranca Upas ogé aya uncal, ngan **di ditu** mah lain uncal totol
  - Di + dieu = **di dieu**  
Mun hayang ningali uncal mah **di dieu** ogé aya
  - Di + dinya= **di dinya**  
Ulah diuk **di dinya**, bisi ngahalangan batur.

- Di + sakola = **di sakola**

Ari maca buku téh ulah ngan **di sakola** wungkul.

#### Pangajaran 4 : gotong royong

##### ❖ Maca paguneman

##### SABILULUNGAN

Bada Isa, Mida jeung Dami ngariung dipatengahan jeung bapana, Pa Upa.

Mida : "Pa ari sabilulungan téh naon?"

Pa Upa : "Sabilulungan téh sami sareng gotong royong. Aya naon Mida naroskeun sabilulungan?"

Mida : "Abdi téh badé ngiringan rampak sekar, ari laguna 'Sabilulungan'. Saur Bu Téti, abdi kedah apal maksadna éta lagu. Disawalakeun sareng réréncangan."

Dami : "Gotong royong téh sami sareng kerja sama, nya, Pa?"

Pa Upa : "Sami. Sabilulungan, gotong royong, kerja sama, dina intina mah ampir teu aya bénenna. Éta téh saé, asal ulah sabilulungan dina kaawonan. Sabilulungan dina padamelan anu saé, hasilna ogé tangtos saé. Malah biasana mah langkung saé dibandingkeun sareng dipidamel ku sorangan."

Mida : "Ari hubunganana sareng persatuan kumaha, Pa?"

Pa Upa : "Raket pisan. Apan disebatkeun dina laguna ogé, sabilulungan téh némbongkeun ayana persatuan. Ku ayana sabilulungan sareng persatuan, urang tiasa

langkung kiat, langkung tohaga. Contona baé ramo. Ramo téh aya lima. Upama dianggona hiji – hiji mah, moal sabaraha gunana, sareng moal kiat deuih. Tapi upami dianggo sareng limaanana, tiasa dianggo sagala rupi. Sok geura ku Mida sareng Dami émutan.”

Dami : “Muhun nya.”

#### ❖ Harti Kecap

- **Ngariung** = ngumpul (berkumpul)
- **Patengahan** = tengah imah (tengah rumah)
- **Sabilulungan** = gotong royong, kerja sama, sasareangan (bareng-bareng)
- **Rampak sekar** = ngawih babarengan (seperti paduan suara)
- **Disawalakeun** = didiskusikeun (didiskusikan)
- **Bénten** = béda (berbeda)
- **Kaawanan** = kagoréngan (kejelekan)
- **Padamelan** = pagawéan (pekerjaan)
- **Genténg** = leutik bagian tengahna (kecil bagian tengahnya)
- **Pasalingsingan** = papaliwat, teu amprok lantaran béda jalan (tidak ketemu)
- **Santosa** = kuat, tohaga
- **Samakta** = lengkap, kumplit (lengkap)
- **Teuneung** = wanian, ludeung (berani)
- **Saihwani** = batur sapaham, sapamadegan (satu pemikiran)

❖ Ngawih

### SABILULUNGAN

Sanggian Mang Koko Koswara

*Sabilulungan dasar gotong royong,  
Sabilulungan sipat silihrojong,  
Sabilulungan genténg ulah potong,  
Sabilulungan persatuan témbong.*

*Tohaga, rohaka,  
Teguh tangguh perbawa sabilulungan.  
Sadia, sajiwa,  
Segut singkil ngabasmi pasalingsingan.  
Sabilulungan hirup sauyunan,  
Sabilulungan silih pikahéman,  
Sabilulungan tulung tinulungan,  
Sabilulungan kukuh persatuan.*

*Santosa, samakta,  
Teuneung leudeung ngajaring kawibawaan.  
Saihwan, sapaham,  
Nagri nanjung berekah sabilulungan.*

## ❖ Ngucapkeun punten jeung wilujeung

### - Ngucapkeun punten

1. Punten, kapayunan!
2. Punten, ngiring ngalangkung!
3. Punten, Bu, abdi badé tumaros!
4. Punten, Pa, abdi badé wangsul tipayun!
5. Punten, Bu, abdi badé ka pengker sakedap!
6. Punten, Kang, abdi badé tumaros dupi bumina Pa Dani palih mana?

### - Ngucapkeun Wilujeung

1. Wilujeung énjing, Bu!
2. Wilujeung énjing, Pa!
3. Wilujeung sumping ka sadayana!
4. Wilujeung siang, wilujeung patépang deui sareng simkuring!
5. Wilujeung angkat, mugia salamet di jalanna!
6. Wilujeung, saurna Akang janten juara kahiji biantara!